



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI SELEBRE MWA
SANSIBILIZASYON SOU TRANSEKSYÈL NAN ETA NEW YORK**

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

*Yo pral limen moniman Eta yo pou onore Jounen Souvni Transeksyèl yo 20
novanm*

*Anons sèvis piblik ki mete aksan sou dwa Nouyòkè transeksyèl ak sèks ki Pa
konfòme yo nan espas travay la pou pwoteje kont diskriminasyon disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul [te pibliye yon pwoklamasyon](#) ki deklare novanm kòm Mwa Sansibilizasyon sou Transeksyèl (Transgender Awareness Month) yo pou selebre kominote trans lan nan Eta New York ak atravè peyi a. Gouvènè a te anonse tou ke yo pral limen moniman Eta New York yo woz, blan ak ble pal dimanch 20 novanm nan onè Jounen Souvni Transeksyèl (Transgender Day of Remembrance) la.

"Novanm sa a, mwen fyè pou m selebre Mwa Sansibilizasyon sou Transeksyèl pou mete aksan sou kontribisyon inonbrab manm kominote transeksyèl yo fè nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm ak Jounen Souvni Transeksyèl la, sa a se tou yon opòtinite pou ogmante konsyantizasyon sou diskriminasyon ak atak moun transeksyèl, sèks pa konfòm ak moun ki pa binè yo ap fè fas atravè mond lan. Administrasyon mwen an ap kontinye kanpe ak kominote transeskyèl la pandan n ap goumen pou asire tout Nouyòkè yo ka viv avèk diyite ak egalite yo merite."

Gouvènè Hochul te yon defansè fèm pou kominote LGBTQ+ la. Nan premye bidjè li a, Gouvènè Hochul te travay avèk lejislati a pou mete yon envestisman istorik 13.5 milyon dola nan finansman sante ak sèvis sosyal pou LGBTQ+ epi li te egzije ajans eta yo pou mete yon deziyasyon sèks "X" disponib pou piblik la sou fòmilè eta a ki kolekte enfòmasyon sa yo. Gouvènè Hochul te siyen tou gwo lejislasyon pou sipòte Nouyòkè LGBTQ+ yo, tankou kreye Fon Byennèt ak Ekite Trans-seksyèl Lorena Borjas (Lorena Borjas Transgender Wellness and Equity Fund) ak Lwa Bilten Vòt san Distenksyon Sèks la (Gender Inclusive Ballot Act).

Gouvènè Hochul te anonse jodi a tou ke Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) Eta New York la te pwodui yon [anons sèvis piblik](#) an kolaborasyon ak Komisè

Opòtinite Anplwa Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity) an ak New Pride Agenda sou dwa transeksyèl ak moun ki pa konmòme ak sèks nan espas travay la pou pwoteje kont diskriminasyon. PSA a pral pase sou platfòm rezo sosyal yo nan onè Mwa Sanibilizasyon sou Transeksyèl la ak Jounen Souvni Transeksyèl la.

Anplis de sa, an konsiltasyon ak Chanm Egzekitif la, Biwo Relasyon Anplwaye yo te devlope yon nouvo videyo fòmasyon ki egzamine pwoblèm anplwaye transeksyèl ak sèks ki pa konfòme yo ap fè fas nan espas travay la. Yo pral itilize videyo sa a pou edike ak ogmante konpetans kiltirèl konsènan kominote trans la pou tout mendèv eta a, k ap rive jwenn moun soti nan Buffalo rive Albany, North Country rive Vil New York, ak Long Island.

Baze sou enfòmasyon ki deja disponib nan Kit Idantite Sèks (Gender Identity Toolkit) Biwo Relasyon Anplwaye (Office of Employee Relations) yo sou Sistèm Jesyon Aprantisaj nan Tout Eta a, nouvo videyo Idantite Seksyèl nan Espas Travay (Gender ID in the Workplace) la bay yon apèsi ki pi detaye sou pwoblèm tankou itilizasyon pwonon, langaj ki pa eksprime sèks, konfidansyalite ak ekspozisyon nan espas travay, ak mikwo-agresyon ki baze sou sèks nan espas travay la. Videyo a nan pwodiksyon final li epi Biwo Relasyon Anplwaye yo pa ka tann pou lanse nouvo fòmasyon an kòm yon pati nan pwogram fòmasyon obligatwa li pou anplwaye branch egzekitif la nan ane sivil 2023.

An janvyè, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) eta pral pibliye aplikasyon pou Pwogram andòsman pou Founisè Vyolans Domestik LGBTQ+ (LGBTQ+ Endorsement Program for Domestic Violence Providers) yo. Anonse pa Gouvènè Hochul nan mwa jen an, pwogram pilòt sa a ki dire tout ane a pral ede adrese lit inik kominote transeksyèl la ap fè fas lè gen ka vyolans domestik.

Pwogram nan dedye a diminye baryè sivivan vyolans ki baze sou sèks LGBTQ+ yo fè fas lè y ap chèche sekirite epi li pral bay patisipan yo opòtinite pou yo nan premye gwoup pwogram yo apwouve, resevwa fòmasyon espesyalize ak asistans teknik, epi bay opinyon sou devlopman li. Pou devlope pwogram nan, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik la te fè patenarya ak Pwojè Anti-Vyolans Vil New York (New York City Anti-Violence Project) la epi li te chèche jwenn fidbak nan men kominote LGBTQ+ ak founisè vyolans domestik yo atravè yon seri seyans pou koute pati konsène yo nan sezon otòn sa a.

Inisyativ volontè a pral bay pwogram vyolans domestik la opòtinite pou yo sètifye kòm LGBTQ+ afime ak enklizif nan sèvis, politik ak pratik yo, epi yo pral etabli yon nouvo angajman nan kominote LGBTQ+ la nan tout eta a. Pou resevwa yon andòsman, pwogram yo pral bezwen montre yo satisfè yon seri estanda pwogram ki gen ladan nòm pou sèvi sivivan trans ak sèks ki pa konfòme yo.

Moniman yo pral limen pou onore Jounen Souvni Transeksyèl yo 20 novanm lan enkli:

One World Trade Center
Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
Batiman SUNY H. Carl McCall lan
Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
Empire State Plaza
Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
Chit Nyagara (Niagara Falls)
Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418